

MOUN K AP APRANN ANGLÈ NAN NEW JERSEY EKSPOZE INEGALITE AK ELAJI OPÒTINITE ALASWIT PANDEMI 2021 AN

Pandemi COVID-19 ak chanjman li kreye pou ale nan aprantisaj vityèl la mete aksan sou inegalite ke Moun k ap Aprann anglè (ELs) ap sibi nan sistèm edikasyon piblik nan New Jersey an. Malgre travay ekstraòdinè bò kote edikatè, paran, ak lòt swayan pou ofri kontinite nan edikasyon pandan tan sa a, efò yo te ralanti pa distri lekòl yo ki pa t rive satisfè devwa yo annakò ak Kòd Edikasyon Bileng nan New Jersey (New Jersey's Bilingual Education Code) - regleman eta ki gouvène edikasyon EL - anvan ak pandan pandemi an, epi pa yon mank konsèy, sipò, ak aplikasyon sifizan bò kote Eta, sa enkli lakin ki ekziste anndan pwòp Kòd la.

Objektif rapò sa a se pou idantifye bezwen ak dwa ki espesifik pou EL anndan sistèm edikasyon New Jersey an; konprann si lekòl yo ap satisfè bezwen sa yo ak respekte dwa sa yo; epi, kote sa pa fêt, n ap fè rekòmandasyon politik apwopriye. Lè nou afime ijans tach sa a nan New Jersey, an septanm 2021, Ministè Jistis nan Etazini (U.S. Department of Justice, DOJ) te antre nan yon dekrè konsantman ak Distri lekòl Piblik nan Newark pou korije yon sitiyasyon DOJ rele "echèk siyifikatif pou sèvi adekwatman etidyan k ap aprann anglè."

Pou ilimine nesesite pou chanjman nan distri atravè eta a, rapò a pataje eksperyans ELs nan New Jersey; EL ak paran imigran; epi anglè kòm dezyèm lang (ESL) ak pwofesè bileng, administratè, ak konseye. Eksperyans sa yo kouvri yon gwo kantite sijè, soti nan inaksesiblite teknolojik pou sal klas vityèl pou ale nan devlopman pwofesyonal ki konsantre sou EL ki ensifizan epi yon mank nan sèvis sante mantal bileng. Istwa ki pataje nan rapò sa a revele kijan etidyan, paran, pwofesè, konseye, ak administratè ap obsève kijan distri lekòl yo pa reyisi satisfè dwa ELs, ansanm ak gwoup konjwen ki gen imigran ak etidyan ki pa blan. Pèspektiv sa yo pa reprezante kritik kont pwofesè, konseye, administratè, oubyen lekòl yo. Okontrè, lè w konsidere l anjeneral, yo revele enpòtans ki gen pou New Jersey reyalize chanjman sistèmik nan Kòd Edikasyon Bileng li an, epi pou asireke pwovizyon aktyèl ak fiti nan Kòd la reyèlman aplike, pou sistèm edikatif lan pa kontinye fè ELs echwe.

Eksperyans pisan ki pataje isit la pa etidyan EL, El ak paran imigran, ak EL epi edikatè bileng ka sevi kòm yon blòk konstriksyon pou politik ekitab anndan distri lekòl pandan yon nouvo peryòd nan edikasyon ap kòmanse alaswit pandemi an.

Dezyèm Seksyon nan rapò sa a ofri enfòmasyon debaz sou ELs nan tout peyi a ak nan New Jersey. Twazyèm seksyon rapò a rezime done ki soti nan Konprann sèvis ESL/Bileng Pandan Pandemi COVID-19 lan. Sondaj edikatè/sipèvize (apresa nou refere ak li kòm "Sondaj Konprann sèvis ESL/Bileng"). Sondaj nan fòma long sa a te ramase repons nan men katrevèn (80) edikatè bileng ak edikatè ESL nan New Jersey. Twazyèm seksyon an konpile tou senk istwa nan men edikatè bileng nan New Jersey ak eksperyans pataje pa ELs ak fanmi yo. Katryèm seksyon an etabli dwa legal etidyan EL ak paran ki gen kopetans anglè limite. Senkyèm seksyon an prezante yon seri rekòmandasyon politik. Dènye seksyon an ofri yon modèl rezolisyon pou distri lekòl yo.

Rapò sa a, Sondaj Konprann sèvis ESL/Bileng ki enfòme li an, ak rekòmandasyon li pou chanjman reprezante yon efò kolaboratif ant pwofesè anglè nan NJ pou Moun ki pale lòt lang/

edikatè Bileng New Jersey (NJTESOL/NJBE), Konsòsyòn New Jersey pou Timoun Imigran (New Jersey Consortium for Immigrant Children, JCIC), ak Sant Dwa Edikasyon (Education Law Center, ELC).

Atravè rapò sa a, nou te chwazi itilize langaj kouran nan Ministè Edikasyon New Jersey (NJDOE) ak Kòd Edikasyon Bileng (pa ekzamp, Moun k ap aprann lang anglè oubyen moun k ap aprann anglè (EL), Konpetans anglè Limite (LEP, elatriye.) jan sa reflete nan rekòmandasyon nou yo, nou kwè langaj sa a pa byen alien ak rechèch ak pratik edikatif aktyèl, ki rekòmande pou nou itilize apwòch ki soutni kiltirèlman, lengistikman epi ki baze sou richès.

Rapò sa a fè rekòmandasyon fondamantal swivan sa yo pou chanjman nan distri lekòl ak nan NJDOE:

- Devlope ak aplike yon pwosesis responsabilizasyon ak konfòmite ki transparan ak fòmèl pou asire chak distri lekòl aplike ekzijans ki deja fè pati Kòd Edikasyon Bileng New Jersey an.
- Etabli yon sistèm "ankèt plent" pou denonsiyasyon vyolasyon lwa ki pwoteje ELs, ki similè ak sa ki ekziste pou edikasyon espesyal.
- Chanje langaj la atravè dokiman NJDOE pou li ka pi pwòch ak rechèch edikasyon aktyèl ak pèspektiv ki baze sou richès.
- Etabli yon definisyon klè ak global sou aranjman lang, sa enkli sipò pou premye lang ak lang sib ki ofri aksè ak konsèp kontni.
- Ekzije, ofri konsèy sou, ak andose aranjman lang sa yo nan chak sal klas kote etidyan ELs se etidyan pou ka ofri aksè ak kontni nan nivo klas la jan sa obligatwa legalman.
- Fasilite livrezon efikas edikasyon espesyal, sèvis ki lye, ak aranjman pou ELs ki gen andikap.
- Ekzije, kòm yon pati nan Plan Twa-Ane ki obligatwa nan tout distri yo, devlopman pwofesyonèl ki baze sou EL pou tout pwofesè ak pwofesè kandida nan-sèvis yo, tout sipèviziè ak administratè ki evalye pwofesè sa yo, ak tout manm estaf la, paske ELs reprezante responsablitè tout pwofesè ak anplwaye.
- Ofri teknoloji ak aksè a sèvis Entènèt, ansanm ak fòmasyon aksesib, bay etidyan EL ak fanmi LEP.
- Pataje tout enfòmasyon esansyèl ak komunikasyon nan distri lekòl nan yon lang paran ak swayan ki nouvo nan anglè ka konprann, epi nan yon fòma ki aksesib, menm pou sila yo ki se nouvo itilizatè teknoloji.
- Kreye epi lajman kominike chemen pou gradiyasyon pou ELs.
- Ofri sèvis sante mantal ak konsèy ki lengistikman ak kiltirelman apwopriye pou ELs.
- Akòde finansman pou apiye chemen karyè ak rekritman moun ki bileng ak/oubyen Nwa, Endijèn, ak moun dekoulè (BIPOC) kòm edikatè, pwofesyonèl sante mantal, konseye, ak administratè, ki sou-reprezante nan sistèm edikasyon PK-12 New Jersey an.
- Kreye chemen klè pou ELs atenn So Bi-Alfabetizasyon.